**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–05.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक शीतकालीन सत्र आइ संपन्न भऽ गेल। सत्रक अंतिम दिन आइ विधानसभा मे एकानवे हजार सात सय सत्रह करोड़ टाका सँ बेसी के द्वितीय अनुपूरक बजट तथा विनियोग विधेयक पारित भेल। एहि दरमियान ग्रामीण विकास विभागक बजट पर कटौती प्रस्ताव पर सेहो चर्चा भेल। कटौती प्रस्ताव पर चर्चा के दरमियान सत्ता पक्ष आ विपक्ष के मध्य नोंक–झोंक सेहो भेल। सरकारक दिस सँ जबाव दैत मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे ग्रामीण विकास विभाग गरीबी उन्मूलन आ आजीविका सृजन मे महत्त्वपूर्ण भूमिका निबाहि रहल अछि। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना के लऽकऽ विपक्षी दल सभ लोक सभक मध्य भ्रम उत्पन्न कयलनि मुदा हुनका सफलता नहि भेटल। श्री कुमार विपक्षी दल सभ पर महिला लोकनि के अपमान करबाक सेहो आरोप लगौलनि। एहि सँ पहिने कटौती प्रस्ताव पर चर्चा मे भाग लैत राजद विधायक आलोक मेहता कहलनि जे वित्तीय कुप्रबंधन के कारण सरकार के अनुपूरक बजट आनऽ पड़ल अछि। ओ कहलनि जे अनुपूरक बजट प्रस्तुत करब आब सामान्य प्रक्रिया बनि गेल अछि जे चिंता के विषय अछि। कांग्रेसक मनोहर प्रसाद सिंह कहलनि जे विनियोग विधेयक मे कतेको त्रुटि अछि। एआईएमआईएम के अख्तरूल इमान चर्चा मे भाग लैत राजस्व विभाग मे भ्रष्टाचारक मुद्दा उठौलनि।

ओतहि, सीपीएम के अजय कुमार कटौती प्रस्तावक पक्ष मे कहलनि जे विभागक अंतर्गत जे स्वाच्छताग्राही काज कऽ रहल छथि हुनक मानदेय बढेबाक आवश्यकता अछि। इंडियन इंक्लूसिव पार्टीक आईपी गुप्ता कहलनि जे अनुपूरक बजट के व्यवस्था पर रोक लगबाक चाहि। वित्तमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव विपक्षी दल द्वारा अनुपूरक बजट पर प्रश्न उठेबा के खारिज करैत कहलनि जे ई संवैधानिक व्यवस्था अछि। ओ कहलनि जे राज्य सरकारक कुशल वित्तीय प्रबंधनक कारण बजट आकार तीन लाख करोड़ टाका के पार कऽ गेल अछि। वित्तमंत्री के भाषणक बाद विनियोग बजट ध्वनि मत सँ पारित भेल। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार अपन समापन भाषण मे सभ दलक नेता लोकनि के सीमित समय हेबाक बादो महत्त्वपूर्ण विधायी काज पूरा करबाक लेल बधाई देलनि।

एम्हर, परिषदक कार्यवाही सेहो आइ स्थगित भऽ गेल। परिषदक आजुक कार्यवाही के दरमियान द्वितीय अनुपूरक बजट पर चर्चा भेल। सरकारक दिस सँ वित्तमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव उत्तर देलनि। विपक्ष एहि दरमियान वॉकआउट कयलक। विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह के समापन भाषणक बाद कार्यवाही स्थगित कऽ देल गेल।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के दसम बेर मुख्यमंत्री पदक शपथ लेबा पर वर्ल्ड बुक ऑफ रिकॉर्डस, लंदन बधाई देलक अछि। संस्था मुख्यमंत्री के पठाओल गेल एक पत्र मे कहलक अछि जे ई भारतक लेल गौरवक विषय अछि। स्वतंत्रता के बाद सँ भारत मे एहन पहिल बेर भेल अछि जखन कोनो नेता दसम बेर मुख्यमंत्री पदक शपथ लेलनि अछि। संस्था एकरा भारतीय लोकतंत्रक इतिहास मे ऐतिहासिक उपलब्धि जनौलक अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे सरकार तीन नव विभाग—युवा रोजगार आ कौशल विकास विभाग, उच्च शिक्षा विभाग तथा नागर विमानन विभाग सृजित करबाक निर्णय कयलक अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे मुख्यमंत्री कहलनि जे एहि विभाग सभक सृजन भेला सँ युवा लोकनि के नोकरी आ रोजगार दिएबा मे विशेष मददि भेटत। संगहि नागर विमानन विभागक गठन सँ उड्यन क्षेत्रक विकास मे सेहो तेजी आओत। श्री कुमार कहलनि जे सरकार सूक्ष्म, लघु तथा मध्यम उद्यम निदेशालय आ बिहार विपणन प्रोत्साहन निगम सृजित करबाक सेहो निर्णय लेलक अछि। ओ कहलनि जे निदेशालय के अंतर्गत युवा लोकनिक कौशल विकासक लेल हरेक जिला मे मेगा स्किल सेंटरक स्थापना कयल जायत। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार युवा लोकनिक उज्जवल भविष्यक लेल लगातार काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई कहलक अछि जे सोशल मीडिया पर भ्रामक सूचना, अफवाह आ सामाजिक सौहार्द बिगाड़ऽबला सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत। इकाई एहि संबंध मे सभ पुलिस अधीक्षक लोकनि के पत्र निर्गत कयलक अछि। इकाई के अनुसार एक

अप्रील सँ एगारह नवम्बर धरि सोशल मीडिया सभ के लऽग एहि तरहक कुल पाँच सय चौरासी शिकायत आयल अछि।

———————————————————————————

पटना पुस्तक मेला आइ सँ गाँधी मैदान मे शुरू भऽ गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मेला के उद्‌घाटन कयलनि। एहि अवसर पर संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। एहि बेरक पुस्तक मेला कथाकार अवधेश प्रीत के समर्पित अछि। ई पुस्तक मेला सोलह दिसम्बर धरि चलत।

———————————————————————————

पछुआ हवाक प्रभाव सँ प्रदेशभरि के न्यूनतम तापमान मे लगातार कम भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा के दरमियान न्यूनतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक कमी दर्ज कयल गेल। सात दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग औरंगाबाद राज्यक सभ सँ ठंढा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिन धरि न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तनक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।